


# La Bib pou ti moun prézanté

## Ezayi wè fiti



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay  
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Ezayi se te yon pwofèt. Travay li se te pou l di moun  
yo sa Bondye te di. Moun pa te toujou vle koute  
Pawòl Bondye,  
men Ezayi  
pa te janm  
abandone  
Bondye.



Ezayi te konn preche pandan rèy kat wa diferan.



3

Wa Ozyas t ape dirije peyi Jida a soti depi nan vil Jerizalèm. Okòmansman, Bondye te beni Ozyas paske li te fè sa ki dwat nan je Bondye. Men, Ozyas te vin gen ògèy epi li te sispann obeyi Bondye. Li te vin trape lèp epi li te oblije viv pou kont li jouktan li mouri.



Wa Ozyas te gouvènen pandan plis pase 60 lane. Lè li te mouri, pitit gason li Yotam te ranplase li epi li te gouvènen pandan 17 lane. Bondye te beni Yotam paske li te koute sa Bondye te di pa mwayen Ezayi ak lòt pwofèt yo.




Wa Yotam te genyen yon pitit gason, Akaz. Akaz te gen 20 lane lè li te kòmanse renye. Li te renye pandan 16 lane nan Jerizalèm. Akaz pa te vle tande pale de Bondye. Li te konn adore zidòl ak fo dye, epi li te trennen anpil moun nan pèp Bondye a fè menm jan an tou. Malgre Ezayi te avèti li, Akaz pa te koute avètisman Bondye yo. Li te mouri lè l te genyen sèlman 35 lane.

6


Bondye te beni wa ki te vin annapre a, Ezekyas, paske li te retire tout fo dye ak zidòl yo epi li te priye sèl vrè Dye a. Lè yon lènmi te atake Jida, Ezekyas te konnen lame li a te twò fèb pou l te genyen. Li te mande Ezayi pou l priye pou Bondye te vin ede yo.



Ezayi te voye mesaj sa a bay wa a : "Men sa Seyè a di : Ou pa bezwen pè lènmi sa a... M ap fè li tonbe..." Yon ti tan apre sa, Bondye te fè lame lènmi an ale san yo pa te goumen kont Ezekyas.



Malgre moun yo ki te bò kote li yo pa te souvan panse ak Bondye,



Ezayi te konn panse ak Li anpil. Yon jou, li te fè yon vizyon. Yon vizyon se tankou w ap fè yon rèv pandan w p ap dòmi. Nan vizyon sa a, Ezayi te wè kijan Senyè a te gloriye ak sen.

9

"Kiyès mwen ap voye ?" Bondye te mande nan vizyon an. "Men mwen, voye m," Ezayi te reponn. Li te dispoze pou li fè tout sa Bondye ta mande l, epi ale nenpòt kote Bondye ta voye l.



10

Petèt Ezayi te panse Bondye t ap ral voye li nan kèk peyi byen lwen kote moun pa te janm tande pale de ondye. Men non, se pa sa Bondye te fè.

Bondye te mande Ezayi pou li pale ak pwòp pèp li a nan pwòp peyi pa li a. Li te dwe di yo Bondye te fache poutèt peche yo.



11

Te genyen lòt bagay Ezayi te gen pou li di pèp li a — kèk bèl bagay sou yon moun ki ta yon gwo liberatè epi ki ta vini pou sove yo anba peche yo ak lènmi yo.




12

Pèp jwif la te rele moun sa a "Mesi a". Malgre yo t ap tann Bondye voye Mesi a, anpil moun t ap viv tankou si li pa t ap janm vini.



13

Tout sa Ezayi te di sou Mesi a te ekri nan liv li a. Malgre li te ekri bagay sa yo plizyè santèn lane anvan yo te rive, tout sa Ezayi te di sou Mesi a t ap ral rive vre.




14

Ezayi te di Bondye li menm t ap ba yo yon siy. Li te di : "Vyèj la ap ansent epi l ap fè yon pitit gason.




L ap rele li Emànyèl." Moun yo te konnen Ezayi t ap pale de Mesi Bondye a paske yon fanm vyèj pa te kapab fè pitit.

Anplis, non Emànyèl la vle di "Bondye avèk nou !"



15

"Yon timoun te fèt pou nou, yo te ban nou yon pitit gason. Li te resevwa otorite yon wa. Yo rele li : Konseye mèveye, Bondye Puisan, Papa Letènèl, Prens Lapè." Ezayi te konnen pwomès Bondye yo t ap rive toutbonvre. Li te pale kòm si evènman sa yo te deja rive. Se sa yo rele yon pwofesi.



16

Ezayi te konnen Mesi a ta yon gran nonm epi li ta fè gwo kokennchenn bagay. Bondye te mande Ezayi tou pou li di pèp la Mesi a t ava soufri epi yo t ava touye li. Ezayi te ka ap mande tèt li kijan Mesi a ta ka alafwa gran ak puisan epi fèb ak blese. Men, Ezayi pa te diskite avèk Bondye — li te annik repete sa Bondye te mande li pou l di a sèlman. Bondye ta fè yon jan pou pwofesi li a rive toutbonvre.



17

Mesi a t ap vini — li p ap vini sèlman pou pèp jwif la. Bondye te di Ezayi Mesi a t ava "yon limyè pou moun ki jantiy yo". Moun ki jantiy yo se tout lòt nasyon yo nan mond lan ki pa jwif yo. Bondye renmen tout moun, epi Mesi li a t ava vini pou beni tout moun epi pote delivrans toupatou nan mond lan.



18

Ezayi wè fiti

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Ezayi 1, 6, 7, 9, 53

"Pawòl Bondyé poté limyè."  
Sòm 119 : 130

19

Fen

27



60

20

Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvéyé Bondyé  
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou  
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl  
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé  
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan  
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout  
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan  
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri  
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné  
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè  
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.  
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16